

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

*Komisyón Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[cenjp@yahoo.com](mailto:cenjp@yahoo.com)  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

**Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan**  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**JE WE,**  
**BOUCH FÈT POU PALE**

**Mwa janvye rive mas 2018**

**66**

Orijinal an kreyòl  
Texte en français : voir pages 3 et 13  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

## **Lèt tou louvri ak tout Otorite Sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè an kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens salye nou ak anpil respè. Sitiyasyon sosyal ak politik peyi a voye anpil siyal detrè, se menm bagay ensekirite a k ap remonte nan peyi a, sitou awfowntman gang yo k ap fèt devan je tout moun gwo lajounen, espesyalman nan zòn Sid kapital la, kote plizyè moun viktim nan tout sans. Komisyon an prezante an patikilye pwen sa yo :

- Disparisyon fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR nan zòn Gran Ravin nan moman li t al fè repòtaj. Ka sila a fè eko ki depase fwontyè.
- Enjenyè agwonòm William MICHEL touye tèt li, anvan li fè zak sa a, li kite yon lèt kote l, li eksprime tristès li ak chagren l parapò ak efondreman aparèy leta a. Viktim nan toujou plede anfavè yon bon politik agrikòl kòrèk pou soti pèp la nan malsite ak depandans restavèk anba lòd entènasyonal la li twouve l.
- Mache Ipolit ki gen non popilè yo rele « Mache Fè » boule rappyetè. Ensidan sila a rann ti machann yo vin pi pòv.
- Operation lapolis t ap fè jou ki 28 mas 2018 nan zòn Palema nan anviwon Siyon pou chache kò Vladimir LEGAGNEUR, mennen yo dekouvri yon gwo fòs komin kote yo lage kò tout moun yo fin touye.

Gen ijans pou chanje kouran listwa pèp ayisen an ki pèdi nan dezespwa anba grav pwoblèm 1 ap sibi yo. Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè kontinye reklame byen wo ak byen fò: lilè litan pou yo respekte dwa moun nan sosyete nou an.

Sekretarya Komisyon an remèsyé tout otorite nan Leta a ki te pèmèt yo verifye kèk enfòmasyon oswa done, tankou Lopital Inivèsite Leta d Ayiti (HUEH) ak Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH). Komisyon an salye nou epi remèsyé nou pou bon akèy n ap bay 66yèm rapò sa a.

## **Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays.**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. La situation sociopolitique que vit le pays envoie des signaux alarmants, tout comme la recrudescence de l'insécurité et les affrontements spectaculaires des gangs armés, particulièrement au Sud de la Capitale où plusieurs personnes sont victimes de plusieurs façons. La Commission mentionne en particulier les faits suivants :

- La disparition du photojournaliste Vladimir LEGAGNEUR dans les banlieues de Grand Ravine dans le cadre d'un reportage a connu un écho qui dépasse les frontières ;
- Le suicide de l'ingénieur agronome William MICHEL qui dans une lettre exprime son amertume par rapport à l'effondrement de l'Etat. La victime a toujours plaidé en faveur d'une politique agricole valable pour sortir le peuple de l'assistanat et la dépendance servile internationale où il se trouve ;
- L'incendie du marché Hyppolite, communément appelé « Mache an Fè », décapitalise bon nombre de petits commerçants ;
- L'opération de police réalisée le 28 mars 2018 du côté de Palema une périphérie de Sillon pour pouvoir récupérer le corps de Vladimir LEGAGNEUR a permis de découvrir une fosse commune où sont jetés les cadavres de personnes exécutées.

Il y a urgence pour changer le cours de l'histoire du peuple haïtien qui sombre dans le désespoir sous le poids des graves problèmes sociaux qu'il subit.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix continue de prôner haut et fort le respect de la personne humaine dans la société haïtienne.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce 66<sup>ème</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

Joël JOSEPH, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Rovelsond APOLLON, Responsable de l'observation

**Port-au-Prince, 21 juin 2018**

## Tablo mwa Janvye rive Mas 2018

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

*Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince*

		Mwa janvye 51 viktim	Mwa fevriye 22 Viktim	Mwa mas 53 viktim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		3	2	2
Fanm ki viktim		9	1	4
Timoun ki viktim		1	1	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		37	16	29
Viktim yo konnen kilès		14	6	24
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>27</b>	<b>12</b>	<b>41</b>
	Moun ki mouri ak bal lapolis	4	-	1
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	-	4	12
	Viktim afwontman ant gang	-		-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam y o pa rive idantifye	23	8	28
Moun ki touyetèt yo		<b>1</b>	-	<b>1</b>
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>2</b>	-	<b>4</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>16</b>	<b>10</b>	7
Moun ki mouri nan move tan		-		-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		<b>5</b>	-	-
<b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Komin Pòtoprens		<b>30</b>	<b>10</b>	<b>32</b>
Komin Site Soley		-	-	-
Komin Kafou		<b>14</b>	<b>2</b>	-
Komin Dèlma		-	<b>4</b>	<b>6</b>
Komin Petyonvil, wout Frè		<b>6</b>	-	-
Komin Taba		<b>1</b>	<b>4</b>	<b>1</b>
Komin kwadèboukè		-	<b>2</b>	<b>14</b>
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt volò		<b>9</b>	-	<b>2</b>
Etikèt kidnapè/bandi		-	<b>1</b>	<b>2</b>

## Analiz ak kòmantè sou 66yèm rapò

Prèske tout zòn metropolitèn Pòtoprens lan vin anba dominasyon gang. Yo pale sou « gang-sterizasyon ». Se konsa yon republik ye ki an boulatcha epi yo pa kapab gouvènen ankò. Popilasyon sivil la, sitou moun k ap viv nan bidonvil yo, ekspoze anba zak sovaj gang yo. Nouvèl fòm diktati sila a bandi yo ap mete sou pye politik: se politisyen ki pratike l, òganize l epi kontwole l; sa se yon gwo menas pou lavni sosyete a.

Absans respè pou lavi moun an Ayiti rive nan yon nivo grav! Moun se pi gwo ouvraj Bondye. Pou kisa otorite ayisyen yo refize sèvi pèp la ak diyite ?

*Rovelsond APOLON, Av*

### **Men sa ki atire atansyon nou**

Premye trimès lane 2018 la, voye siyal ki bay kè sote paske klima sekirite a sanble lwen pou li konnen bon tan, epi sitiayson an pa ale nan sans pou genyen lapè. Fenomèn gwoup ak zam ki genyen nan zòn metropolitèn lan rete yon eleman eksplozif ki konplike. Gangsterizasyon katye popilè yo, espesyalman nan bidonvil yo rete yon menas pèmanan pou popilasyon an.

Komisyon Jistics ak Lapè obsève 126 moun ki mouri nan vvolans. Ladan 80 se anba bal, 33 peri nan aksidan trajik, 6 se zam blach ki touye yo epi 5 yo pa konnen kòz yo.

- a) Li enpòtan pou nou di ti zam yo rete premye eleman ki lakòz lanmò vylan nan peyi d Ayiti, sitou ak batay espektak gwoup kriminèl k ap defye otorite piblik. Kidonk, 80 moun mouri anba bal nan kòmansman lane a, sa ki montre chak jou yon moun mouri anba vvolans ak zam, sa esplike reyèlman ensekit a remonte.
- b) Plis pase 50% ka sa yo twouve yo nan vil Pòtoprens la menm.
- c) Valè moun ki mouri nan aksidan montre yon ogmantasyon. Kondisyon pou moun ap pran transpò vyole dwa ak diyite yo. Otorite yo montre yo pa konprann reyalite sila a k ap blese epi touye.

- d) Ensekirite a pa limite sèlman nan zafè moun ki mouri. Anpil ka tout kalte fèt tankou: vyòl an gwoup sou fanm ak jèn tifi, vòl ak zam nan men, brakaj... popilasyon an pa kapab mennen aktivite li yo ak yon lespri poze.

*Tout bagay sa yo rive nan yon klima empinite total kapital. Parapò ak reyalite sa a, mwens moun vini pou denonse move zak sa yo nan lapolis.*

Ann fè sonje kèk ka enpòtan ki pase pou trimès la :

1. Disparisyon fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR, depi 14 mas 2018. Dapre deklarasyon madanm li, ki di mari 1 ale nan zòn Gran Ravin pou al fè yon repòtaj. Depi lè sa, yo pa gen nouvèl li. Poko gen okèn rapò polis ki tabli aklè esplikasyon sou sa ki rive journalis la.
2. Dife ki boule mache Ipolit la yo rele mache « an Fè » a pote plis mizè pou ti machann yo. Pandan ensidan sa a, yon moun mouri kankannen. Apre sa, mache Dipò pran dife, anpil dega fèt, ankò yon lòt fwa anpil ti machann rive viktim.
3. Jou ki 28 mas 2018 la, enjenyè agwonòm William MICHEL touye tèt li. Anvan sa, li kite yon lèt pou li esprime lapenn li ak tristès li fas ak efondreman Leta nan peyi d Ayiti. Zak sila a, montre aklè nivo dezespwa ak jou detrès k ap vini pou pèp ayisyen an. Viktim nan toujou t ap defann yon bon politik agrikòl pou soti pèp ayisyen an nan lavichè ak restavèk tchoul peyi lòt bò dlo peyi a twouve 1. Avèk esperyans epi obsèvasyon li yo, li t ap denonse mafya ki nan òganizasyon entènasyonal yo ki mare sosis yo ak plizyè ONG pa bò isit. Yon gwo refòm parèt nesesè pou ranje sektè agrikòl la.
4. Aksidan kadyo-vaskilè Senatè Nawoom MARCELUS nan mitan yon seyans nan palman an epi desizyon pou yo t al ba li swen nan peyi letranje, mennen nou reflechi sou politik sante gouvènman an ki la ak lòt ki pase yo.
5. Remonte vyolans lan nan bidonvil Site Dedye apre awfowntman ant gang yo. Nan moman sa a, chèf gang yo rele Adly rive mouri anba bal chèf gang Arnel. Apre sa, 4 nan solda li yo rive tonbe anba bal nan lòt katye tou. Depi lè sa a, batay pa janm sispann nan gwoup gang yo ki fè alyans youn ak lòt pou fè lagè.

## **1. SWEN SANTE NAN PEYI D AYITI SE YON IJANS NASYONAL**

Diferan sitiayson ki rive nan domèn medikal blije nou poze kesyon sou fason otorite yo abòde kesyon ensekirite nan domèn lasante.

Repons sou kriz kadyo vaskilè Senatè a montre aklè otorite yo pa fè konfyans ak sèvis medikal yo, epi peyi a pa ekipe kòrèkteman ak materyèl pou yon seri ijans ki toujou genyen an Ayiti.

Fòk nou dakò popilasyon an nan peyi a ap viv anba gwo ensekirite sosyal ak sanitè. **Si gwo otorite ak babin ki gen mwayen wè sa peyi a ofri a pa bon, kidonk kisa senp sitwayen oubyen sitwayèn dwe fè** ki deja pa dizpoze okenn mwayen, ale wè yon asirans medikal elemantè pou fè fas ak sa ki mal? Bidjè Leta pou egzèsis 2017-2018 la prevwa sèlman 4,3% pou Ministè Lasante Piblik ak Popilasyon k ap jere rezo lopital ak enfrastrikti piblik yo.

Konstitisyon 1987 la garanti dwa lasante. Dwa sa a sipoze bay sitwayen ak sitwayèn yo pouvwa pou genyen nan moman yo bezwen l, swen ki kòrèk, ki bon epi ki gen kalite. Absans yon politik Leta a ki kòrèk fè li vyole dwa sa a, paske manke swen lasante, epi majorite popilasyon an pa kapab peye sak genyen an. Sektè a viktim anba move jesyon ak gaspiyaj, menm jan ak anpil lòt sektè ki gen misyon pou garanti dwa moun.

Fòk nou siyale plizyè milyon dola ameriken depanse pou konstwi plizyè lopital nan peyi a, aprè sa, lopital sa yo rete san fè anyen, yo pa gen materyèl medikal ak anplwaye. Nou ka site egzanp : yon lopital nan Kwadèboukè ki te koute 1,7 milyon dola, epi yo abandone l aprè yo fin konstwi l. Sou ki politik lasante nou vle pale toutbon vre an Ayiti ?

Popilasyon an ap fè fas ak yon gwo danje dènye limit, paske li pa ka twouve yon lopital valab ki gen ekipmam kòrèk pou bay bonjan laswenyay. Pa gen politik piblik pou bay solisyon toutbon ak gwo pwoblèm nasyonal sila a.<sup>1</sup> Anpil nan lopital piblik yo pa mache, epi vire tounen anplwaye yo ap fè grèv pou dwa yo y ap pase anba pye.

## **2. YON VYOLANS FIZIK AK SIKOLOJIK KI POTE TOUT DANJE**

Evènman ki fenk pase nan katye popilè yo montre fason gang yo ki nan lagè antre yo ap sèvi anpil ak mwayen komunikasyon sosyal epi ak rezo sosyal yo pou voye mesaj bay rival yo, pou menase yo sou aksyon y ap vini fè. Mòd pratik yo ogmante efè sikolojik aksyon yo.

---

<sup>1</sup>Nou kapab sonje toujou de (2) jounalis Johnson BAPTISTE ak Jefferson Michel CASSEUS ki mouri nan lopital Jeneral nan dat 30 mas 2015 pou manke swen.

Lagè ki pete ant baz Pilat ak gwoup Arnel la gen pou wè ak chache kontwòl sou plizyè teritwa tankou : Bisantnè, Site Plis, Site Letènèl ak Pòtay Leyogàn ki se yon sant aktivite ki bay anpil atirans, paske aktivite ekonomik yo rete yon manmèl bèf ki chaje ak lèt k ap ranfòse kapasite rezo kriminèl yo ni nan zam ni nan lajan.

Yo evalye valè resèt lajan òganizasyon kriminèl yo ap reyalize nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ak plizyè milyon goud. Sa se yon pèt pou trezò piblik la. Kidonk, lajan sa yo tounen kont popilasyon civil la k ap sibi chak jou zak mechanste bandi sa yo. Fason yo travay rete yon menas pou lapè tabli.

Popilasyon an se otaj kriminèl sa yo, moun yo pa lib nan mouvman yo. Pafwa sitwayen ki pa nan anyen mouri : yo egzekite yo anba akizasyon toutè enfòmatè yon kan oubyen lapolis. Prensip pou popilasyon an sikile lib anba menas, paske ou dwe idantifye w pou ou sikile.

Lapolis te reyalize yon operasyon jou 28 mas la 2018 la nan zòn Palema, yon kote nan Siyon, pou chache kò fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR. Yo dekouvri yon gwo twou kote yo jete kò moun yo fin egzekite yo. Direktè depatmantal lapolis Lwès la esplike : lè yo rive nan zòn nan, yo jwenn plizyè zo moun ki mouri, yo fenk jete nan twou a. Kesyon n ap poze : konbyen moun paran yo ap chache yo jete nan twou sila a ? Kijan fè otorite lapolis yo pa t bay lòd pou konnen kiyès rès kò moun sa yo ye ? Poukisa lapolis pa rive egzèse yon bon kontwòl nan zòn kriminèl sa a ? Nou nan atant paske reskonsab yo nan enstitisyon lapolis la, patikilyèman Direksyon Jeneral PNH la, te pale sou pwojè yo genyen pou tabli lapè nan zòn sa yo. Ki jan yo kapab rive mete lapè nan zòn sa yo ki plonje nan pi gwo anachi depi lontan, paske otorite yo te abandone yo?

Nan Gran Ravin, gen yon aparèy jistis yo mete sou pye kote chèf gang yo ap vyole dwa moun gravman. Chèf gang yo ranplase lajistik pou rezoud nenpòt dispit ant sitwayen yo. Kèlkeswa desizyon chèf la, de (2) pati yo ki an konfli dwe peye yon frè sèvis ki fikse sou lòd chèf la, jan lide 1 di 1. Sòlda li yo ap veye tout bagay nan zòn nan, yo fè rapò ak chèf la sou nenpòt reyalite oswa jès ki kapab mennen yon entèpelasyon pou fòse moun bay eksplikasyon oswa resevwa sinksyon. Sitiyasyon sa yo montre kouman katye sa yo jeneralman chape anba tout kontwòl otorite Leta a, ki wè pouvwa granmoun li diminye.

Gran Ravin gen plis pase 250 koriddò, pa gen okenn wout nòmal pou randre byen ladan 1. Se yon zòn ki difisil. Anplis, plizyè katye nan zòn metwopolitèn nan se tankou je zegwi yo ye, san pa gen okenn plan ibanizasyon. Tout bagay ap fèt nan yon anachi total kapital. Absans administrasyon kominal yo pèmèt plis bidonvil ogmante. Absans Leta a mete peyi a sou yon pant danjere, paske li detwi tout òganizasyon sosyal.

Zòn sa yo voye yon imaj ki pa klè ditou pou lavni. **Èske li pa enpòtan pou chache byen konprann tout rezon, tout aksyon ak tout lese ale rejim ak gouvènman ki sot pase yo nan wouze seri mouvman kriminèl pou fè donnen, pou yo menm kapab kenbe pouvwa yo?**

### 3. ETID YON KA

Nou retounen nan rapò sa a sou disparisyon fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR nan Gran Ravin. Evènman an montre aklè ki menas ki genyen pou libète ak sekirite moun nan anpil pati nan zòn metwopolitèn nan.

#### Sa ki pase

Jou 14 mas 2018, fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR ale nan Gran Ravin pou fè yon repòtay. Rive nan zòn nan, li kominike ak madanm li pou fè konnen li rive. Apre kèk tan, yo pa janm jwenn lòt komunikasyon, depi lè sa a, yo pa janm rive jwenn li.

#### Analiz sa k pase a

Konstitisyon 1987 la nan atik 19 di konsa : Leta gen obligasyon pou garanti dwa lavi moun. Lòt lwa dwe esplike ki jan sa ap fèt. Pak Entènasyonal relatif sou Dwa sivil ak politik, nan atik 6, tabli respè dwa lavi kòm nannan egzistans tout moun. Leta gen gwo reskonsablité pou li asire tout moun kapab deplase nan bonjan sekirite total kapital.

Disparisyon fotojournalis la montre nou 4 bagay:

1. Leta ayisyen vyole sa Konstitisyon ak Konvansyon Entènasyonal yo prevwa nan zafè sa a;
2. Gen gwo pwoblèm pou sekirite moun nan bidonvil yo;
3. Prezans lapolis manke efikas lè se pou fè prevansyon pou krim pa fèt;
4. Gen gwo menas sou pwofesyon journalis la.

#### Vyolasyon atik 19 nan Konstitisyon an ak atik 6 nan Pak Entènasyonal relatif sou Dwa Sivil ak Politik:

Se devwa Leta pou asire pwoteksyon moun k ap sikile nan tout kwen nan peyi a; bidonvil yo ladan tou. Lapolis pa rive asire avèk anpil sans pwofesyonèl dispozisyon sila a ki soti nan Konstitisyon an ak Konvansyon Entènasyonal Leta ayisyen pou sa.

#### Pwoblèm sekirite moun nan bidonvil yo:

Pifò katye populè yo nan zòn metwopolitèn nan se je zegwi yo ye. Yo devlope san okenn plan ibanizasyon, se anachi total kapital. Pandan meri yo pa fonksyone nòmalman, sa pèmèt plis bidonvil pouse kou djondjon. Sitiyasyon sa a mete peyi a sou yon pant danjere sou plan

òganizasyon sosyal ki mete otorite Leta a an kesyon. Lapolis pa gen okenn kontwòl reyèl sou sa k ap pase anndan Gran Ravin ak lòt katye menm jan yo.

### **Prezans lapolis la pa efikas nan zafè prevansyon:**

Se otorite Leta a ki detèmine si gouvènans lan byen mache ak si bagay piblik yo jere yon fason efikas vre. Lapolis dwe asire lòd ki tabli a rete tennfas. Men, li pa yon sekrè pou okenn moun, anndan zòn kote se gang k ap dominen, lapolis gen gwo difikilte pou asire yon prezans efikas, paske aparèy Leta a menm plen ak yon seri otorite ki mare sosis yo ak bandi yo. Konsa, yo neglige afè prevansyon an, sa ki mennen konsekans ki grav pou sekirite popilasyon an.

### **Menas sou pwofesyon jounalis la :**

Sa ki rive fotojournalis ki disparèt la montre aklè pa gen respè pou jounalis k ap egzèse metye yo. Li louvri pòt pou tout kalite abi ak lòt zak ki menase libète laprès la, ki reprezante yon rezulta enpòtan pou demokrasi nan peyi a.

### **KONKLIZYON**

Li enpòtan pou fikse reskonsablite Leta ayisen nan disparisyon fotojournalis la nan Grand Ravin pandan misyon li pou 1 te reyalize yon repòtay. Madanm li t al prese prese nan Direksyon Santral Lapolis Jidisyè. Sa montre li mete ijans pou enfòme Leta a, nan nivo enstitisyon lapolis la, men, okenn aksyon rapid pa t fèt pou fè rete aksyon kriminèl yo.

Operasyon rekonesans lapolis te mennen jou ki 28 mas la, te pèmèt yo dekouvri kadav. Lapolis pa t pran sitiyasyon danjere sila kote fotojournalis la te twouve 1 la oserye.

Leta ayisen montre 1 pa kapab respekte epi fè respekte sa Konstitisyon Repiblik la di sou sa ki dwe fèt pou pwoteje sosyete a kont tout zak malonèt. Egzijans sila a vin ranfòse nan Konvansyon entènasional yo peyi a siyen ak ratifye. Feblès Leta a parèt toutbon nan jan gang yo ap layite kò yo anndan tout sosyete a. Enstitisyon Leta yo twouve yo nan je siklòn nan.

Modèl gouvènans piblik sa a deranje sosyete a, li fè lavi vin difisil pou sitwayen ak sitwayèn yo. Moman an rive pou Leta a pran reskonsablite 1 epi aplike ak fè aplike prensip yo ki nan Konstitisyon an ak tout lwa Repiblik la pou tabli respè pou tout dwa moun genyen.

*Rovelsond APOLLON, Av*

## REKÒMANDASYON KOMISYON JISTIS AK LAPÈ AP FE

### Pou pran koze ensekirite nan Sid kapital la nan men:

1. Leta Ayisyen dwe asire yon prezans pèmanan nan mitan popilasyon an, epi tabli enstitisyon ki rann yon sèvis reyèl, tankou : lekòl, sant sante, sant fòmasyon pwofesyonèl, el.
2. Leta Ayisyen dwe envesti nan pwogram sosyal nan katye populè yo, tankou nan lwazi pou jèn yo, ede yo kreye ti ak mwayèn antrepriz, òganize bibliyotèk, el.
3. Gouvènman an dwe ranfòse prezans administrasyon kominal yo kòm premye responsab nan katye populè yo, ak pwogram sosyal ki dirab epi ki reponn ak sa jèn yo ap tann. Konsa yo dwe òganize diferan espas yo kote moun ap viv, kreye plas piblik, konstwi lekòl kominal, òganize yon sèvis pou lè gen dife nan zòn yo, el.

*Tout aksyon sa yo dwe fêt san yo pa fê politik ak yo, men yo dwe reyalize bon bagay pou pèp la, pou moun ki rete nan zòn yo ak jèn yo.*

4. Lapolis dwe prezan pi souvan ak patwouy mobil epi ak patwouy fiks nan 3zyèm sikonskripsyon an, espesyalman nan zòn Bisantnè, Pòtay Leyogàn, Avni Bolòs yo, ki gen ladan l tou Matisan, Gran Ravin, Ti Bwa, Beny ak Site Maniga.
5. Lapolis Nasyonal la dwe ranfòse divès sèvis ankèt yo ki pwòp a limenm.
6. Komisyon Jistis ak Lapè fè yon apèl prese prese bay tout politisyen ki mele ak rezo gangstè yo ; li mande yo pou yo mete enterè sosyete a anvan tout lòt bagay.

### Pou fè verite nan disparisyon fotojournalis Vladimir LEGAGNEUR:

7. Lajistis (DCPJ – polis jidisyè a) dwe pibliye san rezèv tout rezulta ankèt yo louvri sou disparisyon sa a.

### Pou sanksyone trafikan zam ak minisyon yo:

8. Lajistis (sa se Komisè Gouvènman an ki dwe fè l) dwe louvri yon ankèt sou diferan moun ak gwoup k ap fè antre zam ak minisyon nan katye populè yo.
9. Lajistis (sa se Komisè Gouvènman an ki dwe fè l) dwe louvri ankèt sou moun ak gwoup k ap fè antre zam ak minisyon yon fason ilegal nan peyi a.

10. Lapolis, ladwàn ak Ministè reskonsab yo dwe ranfòse kontwòl yo sou fwontyè a, nan 114 pwen kote moun ap pase sou fwontyè Ayiti ak Repiblik Dominikèn nan, kote se 4 sèlman ki ofisyèl.

11. Lapolis dwe fè inité maritim Gad Kòt yo vin pi aktif pou kontwole epi entèvni nan espas lanmè a ki separe Ayiti ak Jamayik.

**Pou reponn ak seri dife ki konn genyen nan zòn metropolitèn nan:**

12. Fè sèvis ponpye vin endepandan ak lapolis (sa mande yon amandman nan Konstitisyon an, atik 272). Se pou yo bay diferan administrasyon kominal yo yon depatman ponpye ki kapab reponn ak diferan ijans dife chak minisipalite kapab genyen.

Epitou, fòk yo fè yon jan pou bouch dlo yo nan vil la kapab itil lè gen dife.

13. Komin yo dwe fè yon resansman kòrèk sou machann yo nan mache yo ak nan lari a, epi fè yo jwenn yon kat idantifikasyon pou yo kapab mennen aktivite yo.

**Pou yon politik sante piblik:**

14. Ministè Lasante, ansanm ak Ministè Afè Sosyal, dwe devlope yon politik piblik pou bay tout popilasyon an dwa ak aksè yon minimòm swen lasante. Objèktif la se sekirite fizik tout popilasyon an.

Men ki sa yon politik piblik genyen ladan 1 : dwe gen lwa, dwe gen previzyon lajan nan bidjè Leta a, lopital ak sant sante piblik yo dwe mache kòm sa dwa, yo dwe fè akò ak sektè prive a lè piblik la pa kab reponn, dwe gen klinik mobil, ak pwogram prevansyon nan lekòl yo, nan lasoutretans, nan faktori yo ak nan milye riral la.

15. Dwa pou lasante popilasyon an genyen dwe parèt nan bidjè Leta a ak kantite lajan yo prevwa pou bay swen dirèk pou popilasyon an. 4,3% bidjè Leta a prevwa pou sante piblik la pa kont pou sa.

## **Analyse et commentaire du 66<sup>ième</sup> rapport sur la violence à travers la zone métropolitaine**

**La gangstérisation quasi générale de la zone métropolitaine de Port-au-Prince est l'expression d'une république devenue chaotique et ingouvernable. La population civile, surtout les gens qui vivent dans les bidonvilles, est quotidiennement exposée aux actes barbares des gangs. Cette nouvelle forme de dictature par le banditisme est politique : pratiquée, organisée et contrôlée par des politiciens ; elle compromet l'avenir de la société.**

**Le non-respect pour la vie de la personne humaine en Haïti frise l'indécence ! L'homme est le plus grand ouvrage de Dieu. Pourquoi les autorités haïtiennes refusent-elles de servir le peuple dans la dignité ?**

*Rovelsond APOLON, Av*

### **Les faits saillants du trimestre**

Le premier trimestre de l'année 2018, envoie des signaux inquiétants parce qu'un climat sécuritaire stable semble s'éloigner et la situation ne tend pas véritablement vers la normalisation. Le phénomène des gangs armés dans la zone métropolitaine demeure un élément explosif et complexe. La gangstérisation des quartiers populaires, particulièrement des bidonvilles, reste une menace constante pour la population.

La Commission Justice et Paix a observé 126 cas de personnes victimes mortelles de violence dont 80 tuées par balles, 33 cas d'accidents tragiques, 6 par armes blanches, 2 cas de suicide et 5 de causes inconnues.

- a. Il est à remarquer que les armes à feu restent la première cause de mort violente en Haïti, surtout avec la montée spectaculaire des groupes criminels qui défient l'autorité publique. Donc 80 personnes tuées par balle en ce début d'année, un tué par jour, fait comprendre la résurgence de l'insécurité.
- b. Plus de 50% de ces cas se situent dans la seule commune de Port-au-Prince.
- c. Le nombre des accidents de la circulation également est à la hausse. Les conditions dans lesquelles les gens utilisent le transport portent gravement atteinte à leur dignité. Les autorités semblent ignorer cette réalité qui blesse et qui tue.

- d. L'insécurité ne se limite pas aux victimes mortelles. Innombrables sont les agressions de toutes sortes, les viols souvent collectifs de femmes et de jeunes filles, les vols à main armée, les braquages ... La population ne mène pas ses activités avec un esprit posé.

Tout cela arrive dans un climat d'impunité le plus total. Par rapport à la réalité très peu de dénonciations arrivent chez la police.

Rappelons quelques cas emblématiques du trimestre :

1. La disparition du photojournaliste Vladimir LEGAGNEUR, depuis le 14 mars 2018. Suivant la déclaration de sa femme, il s'est rendu dans les banlieues de Grande Ravine pour faire un reportage, dès lors, aucune nouvelle ; aucun rapport de police ne peut clairement expliquer ce qui est arrivé au journaliste.
2. L'incendie du **marché Hyppolite**, communément appelé « Mache an Fè », décapitalise un grand nombre de petits commerçants. Une personne a été carbonisée au cours de l'incident. La semaine suivante, l'incendie du **marché du Port**, continue à faire des dégâts ; de nouveau un grand nombre de petits marchands sont victimes.
3. Le 28 mars 2018, l'ingénieur agronome William MICHEL s'est suicidé en laissant une lettre exprimant son amertume devant l'effondrement de l'Etat en Haïti. Cet acte illustre le désespoir et de jours sombres à venir pour le peuple haïtien. La victime a toujours plaidé en faveur d'une politique agricole pour sortir le peuple de l'assistanat et de la dépendance servile internationale où il se trouve. A partir de ses expériences et observations, elle dénonçait la mafia des organisations internationales qui ont leurs ramifications dans plusieurs organisations non gouvernementale (ONG). De grandes réformes importantes semblent bien nécessaires dans le secteur agricole.
4. L'accident célébro-vasculaire du Sénateur Nawoom MARCELUS en pleine séance au parlement et la décision de le faire soigner hors du pays, donne à réfléchir sur la politique sanitaire de nos gouvernements successifs.
5. la résurgence de la violence dans le bidonville de Cité de Dieu suite à des affrontements entre les gangs rivaux au cours desquels le chef de gang dénommé Adly a été tué par le chef Armel. Suite à ce fait, lui-même et 4 de ses soldats ont aussi pris en chasse dans d'autres quartiers de cette banlieue. Dès lors, de grandes hostilités ont été déclenchées entre les groupes armés qui sont traversées par des alliances.

## 1. SOINS DE SANTÉ EN HAITI UNE URGENCE NATIONALE

Les différents événements qui se sont produits dans le domaine médical, obligent de poser la question sur la façon dont les autorités abordent la question de l'**insécurité sanitaire**.

La réponse sur la crise cardio vasculaire du sénateur illustre clairement que les autorités ne font pas confiance aux services médicaux et que le pays n'est pas dotée correctement à des urgences qui sont assez fréquentes en Haïti.

Il faut donc admettre que la population de ce pays vit dans une grande insécurité sociale et sanitaire. **Si des autorités de haut rang, qui disposent de moyens, jugent inadéquat ce que le pays peut offrir, que doit dire alors le ou la simple citoyen ou citoyenne** qui ne dispose pas de ces moyens, voire d'une assurance médicale rudimentaire pour faire face au pire ? Le budget de l'Etat pour l'exercice 2017-2018 prévoit 4,3% pour le Ministère de la Santé publique et de la population qui gère le réseau des hôpitaux et autres infrastructures publics.

La Constitution de 1987 garantit le droit à la santé. *Ce droit suppose de pouvoir accéder en temps opportun à des soins acceptables, abordables et de qualité appropriée*. Ce droit est clairement violé par l'absence d'une politique étatique adéquate en la matière. Les soins de santé font défaut, ils sont impayables pour la majorité de la population. Le secteur souffre de la mauvaise gestion et des gaspillages, comme tant d'autres secteurs appelés à garantir les droits des personnes.

Il est à signaler que plusieurs millions de dollars américains ont été dépensés pour construire plusieurs hôpitaux dans le pays ; après quoi, ils sont devenus des éléphants blancs, sans matériel et sans personnel médical. Citons comme exemple un hôpital à la Croix-des-Bouquets qui a couté 1.7 millions de dollars, abandonné après la construction et finalisation. De quelle politique de santé veut-on alors parler en Haïti ?

La population est confrontée au danger extrême de ne pas trouver un hôpital valablement équipé pouvant prodiguer des soins adéquats. Il n'y a pas de politique publique pour remédier définitivement à ce problème national.<sup>2</sup> Les hôpitaux publics sont totalement dysfonctionnels et sont secoués constamment par des grèves de leur personnel, dont les droits également sont bafoués.

---

<sup>2</sup> Les journalistes Johnson BAPTISTE et Jefferson Michel CASSEUS sont morts à la HUEH en date du 30 mars 2015 par manque de soins.

## **2. UNE VIOLENCE PHYSIQUE ET PSYCHOLOGIQUE PORTEUSE DE TOUS LES DANGERS**

Les événements violents récents illustrent comment les gangs en guerre se servent abondamment des moyens de communication sociale et des réseaux sociaux pour envoyer des messages à leurs rivaux pour les menacer de leur action à venir. Ceci augmente l'effet psychologique des leurs actions.

La guerre qui a éclaté entre la base Pilate et la bande d'Arnel cherche principalement le contrôle de territoires comme le Bicentenaire, Cité Plus, Cité l'Eternel et Portail Léogâne, qui est d'ailleurs un centre d'activité convoité car, les activités économiques constituent une vache laitière pour renforcer les capacités des réseaux criminels tant en armement qu'en capitaux.

Les recettes des organisations criminelles à travers la zone métropolitaine de Port-au-Prince se chiffrent à plusieurs millions de gourdes, ce qui constitue un manque à gagner pour le trésor public. Finalement, ces sommes d'argent sont utilisées contre la population civile qui endure quotidiennement la méchanceté de ces malfaiteurs patentés. Le mode opératoire de ces bandits est fatal pour la paix.

La population est l'otage de ces criminels, les gens ne sont pas libres de leur mouvement. Parfois de paisibles citoyens sont exécutés pour être suspectés de servir comme informateur de tel autre ou de la police. Le principe de la libre circulation de la population est donc remis en cause ; il faut pouvoir s'identifier pour circuler.

L'opération de police réalisée le 28 mars 2018 du coté Palema une périphérie de Sillon pour rechercher le corps du photojournaliste Vladimir LEGAGNEUR a permis de découvrir un trou béant, une fosse commune où sont jetés les corps des personnes exécutées. Le Directeur départemental de la police de l'Ouest a expliqué qu'arrivant sur les lieux, il a trouvé plusieurs ossements de cadavres fraîchement largués dans ce trou. La question est légitime : combien de personnes recherchées par leurs proches parents ont été jetées dans cette fosse commune ? Comment se fait-il que les autorités policières n'ont pas ordonné l'exhumation des restes humains détectées ? Pourquoi la police n'arrive-t-elle pas à exercer un véritable contrôle de cette zone criminogène ? On est encore dans l'expectative, car, les responsables de l'institution policière, particulièrement la Direction Générale de la PNH, ont évoqué la perspective d'une pacification de ces zones. Comment pacifier ces lieux de non droit si longtemps abandonnés par les autorités ?

A Grande Ravine, s'est institué un mode d'appareillage de justice par les chefs de gangs qui viole gravement les droits des personnes. Le chef de gang tient la place de juge pour trancher tout différend entre les citoyens. Quel que soit la décision du chef, les deux parties en conflit doivent déposer un frais de service fixé selon les caprices du chef de gang, juge. Ses soldats surveillent tout dans la zone, pour rapporter au chef le moindre fait et geste qui soit susceptible d'une

interpellation de force pour explication ou pour sanction. Ces situations illustrent comment ce banlieue échappe totalement au contrôle de l'autorité de l'Etat, qui voit sa souveraineté diminuée.

Grande Ravine, avec plus de 250 corridors et sans voie de pénétration, est une zone problématique. D'ailleurs, plusieurs quartiers de la zone métropolitaine sont des labyrinthes sans aucun plan d'urbanisation ; tout y est fait dans l'anarchie la plus complète. L'absence des municipalités permet aux bidonvilles de se multiplier. Cette absence de l'Etat met le pays sous une pente dangereuse parce qu'elle détruit tout organisation sociale.

Cette zone projette une sombre image de l'avenir ? N'y a-t-il pas de motif sérieux pour passer en revue les actions et omissions des régimes et gouvernements passés qui ont fertilisés ces mouvements criminels pour garder leur pouvoir ?

### **3. ETUDE DE CAS**

